# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Улыўма орта билимлендириў мәкемелери ҳәм оқыўшылары ушын сатып алынған үскенелерди қабыл етиў ҳаққында

Өзбекстан Республикасының “Мәмлекетлик буйыртпалар ҳаққындағы Нызамы ҳәм Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 20-февральдағы “Жойбар алды, жойбар, тендер хүжжетлери ҳәм контрактларды экспертизадан өткериў тәртибин жеделлестириў ис-илажлары ҳаққында”ғы ПҚ-3550-санлы қарары талаплары ҳәм Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 22-июньдағы 190-санлы буйрығына тийкар халық билимлендириў системасындағы улыўма орта билимлендириў мәкемелери ушын сатып алынған үскене мебеллерди қабыл етиўдың нәтийжели механизмин енгизиў мақсетинде **буйыраман**:

1. “Ўқув таълим-таъминот” мәмлекетлик унитар кәрханасының 2021-жылда улыўма орта билим бериў мектеплерине мебел, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарлары ҳәм басқа техник үскенелер, оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп формасын сатып алыў бойынша әмелге асырылып атырған жумыслар ҳаққындағы хабары мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Төмендегилер:

2021-жылда улыўма орта билим бериў мектеплерине мебел, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарлары ҳәм басқа техник үскенелериниң көлеми ҳәм толықлығы бойынша қабыл етиў комиссиясының үлгили қурамы 1- ҳәм 1-а-қосымшаларына муўапық;

2021-жылда улыўма орта билим бериў мектеплерине оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп формасының көлеми ҳәм толықлығы бойынша қабыл етиў комиссиясының үлгили қурамы 2- ҳәм 2-а-қосымшаларына муўапық тастыйықлансын.

3. Белгилеп қойылсын:

кәрхана ҳәм шөлкемлер тәрепинен жеткерилип берилген мебел, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарлары ҳәм басқа техник үскенелери әмелдеги стандартларға сайлығын үйрениўши тийисли лаборатория кәрханасының техник жуўмағы унамлы болған жағдайда, 1-қосымшада келтирилген қабыл етиў комиссиясы тәрепинен “Транспорт ҳәм логистика хызмети” мәмлекетлик унитар кәрханасының аймақлық филиалларында қабыл етиледи;

кәрхана ҳәм шөлкемлер тәрепинен жеткерилип берилген оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп формасы әмелдеги стандартларға сайлығын үйрениўши тийисли лаборатория кәрханасының техник жуўмағы унамлы

болған жағдайда, 2-қосымшада келтирилген қабыл етиў комиссиясы тәрепинен “Транспорт ҳәм логистика хызмети” мәмлекетлик унитар кәрханасының “Республика мебел базасы” филиалында қабыл етиледи;

мебел, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарлары ҳәм басқа техник үскенелери, оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп формасын “Транспорт ҳәм логистика хызмети” мәмлекетлик унитар кәрханасы Қарақалпақстан Республикасы филиалы тәрепинен дүзилген шәртнамаларға тийкар кәрхана ҳәм шөлкемлерден сапалы ҳәм өз мүддетинде жеткерилип берилиўине “Транспорт ҳәм логистика хызмети” мәмлекетлик унитар кәрханасы Қарақалпақстан Республикасы филиалы баслығы (Ө.Баймуратов) тиккелей жуўапкер.

4. Бухгалтериялық есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими (Г.Бекмуратова)не:

“Транспорт ҳәм логистика хызмети” мәмлекетлик унитар кәрханасы Қарақалпақстан Республикасы филиалы менен биргеликте 2021-жылда улыўма орта билим бериў мектеплерине мебел, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарлары ҳәм басқа техник үскенелерин улыўма орта билим бериў мектеплерине жеткерип ҳәм орнатып бериў бойынша тийисли шәртнамалар дүзиў;

оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп формасын орынларға жеткерип бериў бойынша дүзилген шәртнамаларға муўапық қаржылардырыўды тәмийинлеў ўазыйпасы жүклетилсин.

5. “Транспорт ҳәм логистика хызмети” мәмлекетлик унитар кәрханасы Қарақалпақстан Республикасы филиалы (О. Баймуратов)на:

товарларды әмелдеги стандартларға сайлығын үйрениўши тийисли лаборатория кәрханасы менен кәрхана ҳәм шөлкемлер тәрепинен жеткерилип берилген мебел, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарлары ҳәм басқа техник үскенелер, оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп формасын үйрениў ҳәм тийисли жуўмақлар бериў бойынша шәртнамалар дүзиў;

2-қосымшаға муўапық 2021-жылда улыўма орта билим бериў мектеплерине оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп формасының көлеми ҳәм толықлығы бойынша қабыл етиў комиссиясы қурамын тастыйықлаў;

кәрхана ҳәм шөлкемлер тәрепинен жеткерилип берилген мебел, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарлары ҳәм басқа техник үскенелери, оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп формасы әмелдеги стандартларға сайлығын үйрениўши лаборатория кәрханасы тәрепинен унамсыз жуўмақ берилген жағдайда, анықланған кемшиликлерди, товарларды жеткерип бериўши кәрхана ҳәм шөлкемлер тәрепинен тезлик пенен сапластырыў илажларын көриў;

кәрхана ҳәм шөлкемлер тәрепинен дүзилген шәртнамаларда белгиленген мәжбүриятларын өз мүддетинде тәмийинлеў;

дүзилген шәртнамаларға муўапық кәрхана ҳәм шөлкемлерге орнатылған тәртипте қаржыландырыў;

мебел, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарлары ҳәм басқа техник үскенелери, оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп

формасының жеткерилип берилиўи бойынша мағлыўматларды ҳәр 10 күнде министрликке киритип барыў;

мебел, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарлары ҳәм басқа техник үскенелери, оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп формасын район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине жеткерип бериў жумысларын өз мүддетинде әмелге асырылыўын тәмийинлеў ўазыйпалары жүклетилсин.

6. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:

3 күн мүддетте улыўма орта билим мектеплери ушын жеткерилип берилген мебел, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарлары ҳәм басқа техник үскенелериниң көлеми ҳәм толықлығы бойынша қабыл етиў комиссиясының қурамына (лаўазымы бөлим баслығынан төмен болмаған) бир жуўапкер хызметкер ажыратыўды тәмийинлеў;

мебел, оқыў-лаборатория әсбап-үскенелери, спорт инвентарлары ҳәм басқа техник үскенелериниң тастыйықланған мәнзилли бағдарламаға муўапық толық жеткерилип берилиўин қадағалаўға алыў;

оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп формасын белгиленген бөлистириў тийкарында тарқатылыўын тәмийинлеў;

**1-ноябрьге қадар** оқыўшылар ушын оқыў қураллары ҳәм мектеп формасын тарқатыў ведомостлары ҳәмде артық қалған оқыў қураллары ҳәм мектеп формасын "Транспорт ҳәм логистика хызмети" мәмлекетлик унитар кәрханасы Қарақалпақстан Республикасы филиалына қайтып тапсырыў ўазыйпалары жүклемсин.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшы, "Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик" бөлими баслығы И.Балтабаевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI
QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Нөкис қаласы,
2021-жыл «30» - июнь
«159» -санлы буйрық